

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

1) Tina hasil analisis kana 40 éséy siswa SMP Negeri 15 Bandung bisa kapanggih, yén anu meunang peunteun 70 ka luhur aya 33 (82,5%) urang, sedengkeun siswa nu penteunna kurang ti 70 aya 7 (7,5%) urang. Ku kituna, bisa dicindekkeun téhnik 5W + 1H bisa mantuan siswa dina nulis éséy. Bisa katingali 33 (82,5%) urang siswa SMP Negeri 15 Bandung geus mampu nulis éséy.

2) Kamampuh nulis éséy dina ngagunakeun pilihan kecap (diksi) jeung éjahan.

a. Pilihan kecap (diksi)

Kamampuh ngagunakeun pilihan kecap (diksi), siswa di SMP Negeri 15 Bandung dina rata-rata 2,05 can sagemblengna bisa ngagunakeun pilihan kecap (diksi) nu hadé dina nulis éséyna. Hal ieu katinggali ku ayana 59 (0,92%)kecap nu salah dina diksina.

b. Éjahan

Kamampuh siswa dina ngagunakeun éjahan nu ngawengku nuliskeun akasara, nuliskeun kecap jeung ngalarapkeun tanda baca dina rata-rata 1,87 geus hadé sok sanajan aya sababaraha siswa sanggeus dianalisis éséyna masih can mampu dina ngagunakeun éjahan. Bisa katitén aya 43 (0,67%) kecap nu ditulis ku siswa masih kénéh salah, nu ngawengku nuliskeun aksara gedé jeung nuliskeun vokal é, e, jeung eu. Dina nuliskeun

kecap aya 12 (0,19%) tina 6304 kecap, nu ngawengku 3 kecap turunan, 6 kecap rajékan, jeung 3 kecap kantétan. Jeung kapanggih aya sababaraha éséy nu salah dina ngalarapkeun tanda bacana, nu ngawengku tanda titik, tanda koma, tanda tanya, tanda kekenteng, jeung tanda geret. Katingalina siswa teu pati merhatikeun tanda baca dina nulis éséyna. Cindekna kamampuh siswa dina ngagunakeun éjahan geus (99,81%).

2) Aspék eusi éséy

Aspék eusi karangan nu dianalisis nya éta ngeunaan kasaluyuan eusi jeung judul tulisan, patalina eusi jeung warna tulisan, jeung mekarkeun eusi. Dumasar kana hasil analisis, kamampuh nulis éséy dina aspék eusi dina rata-rata 2.65 kapanggih aya opat (10%) éséy nu teu salauyu jeung kritéria dina aspék eusi tulisan.

3) Aspék téhnik tulisan

Aspék téhnik tulisan nu dianalisis nya éta ngeunaan susunan tulisan, kasaluyuan jeung sarat paragraf. Sanggeus dianalisis dina rata-rata 2,0 kapanggih aya 12 éséy nu can rapih dina susunantulisannana.

5.2 Saran

Aya sababaraha saran nu perlu ditepikeun dina nganalisis éséy siswa SMP Negeri 15 Bandung. Saran-saran saperti nu ditétélakeun dina halaman satuluyna.

- 1) Dina kagiatan nulis, siswa kudu bener-bener merhatikeun aspek pilihan kecap (diksi), éjahan, eusi nu diébréhkeun, susunan tulisan, jeung paragraf.

- 2) Guru basa Sunda kudu bisa nyieuh téhnik-téhnik pangajaran, nu bisa ngaronjatkeun siswa dina kamampuh nulisna.
- 3) Guru basa Sunda kudu bisa memener kasalahan nu dulakukeun ku siswa dina nulis, boh sacara langsung boh teu langsung.

Ieu saran mudah-mudahan aya mangpaatna pikeun ngaronjatkeun pangajaran nulis éséy.

